Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

# Règleman:	08.26.001
Revize/ Revize:	4/2020, 11/2020, 6/2022, 3/2023, 2/2026
Seksyon:	Finans

Asistans Finansye Pou Pasyan

Objektif:

Antite BMC Health System ("BMCHS") yo, Boston Medical Center, Boston Medical Center Brighton, ak Boston Medical Center South (ansanm, "Lopital yo" oswa "Lopital BMCHS yo"), te devlope règleman sa a pou idantifye epi ede moun ki kalifye ki gen ti revni, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, pou yo enskri nan plan asirans sante oswa pwogram asistans finansye ki ka kouvri depans swen sante yo epi asire yo jwenn swen ki nesesè sou plan medikal nan moman apwopriye ak jan sa dwe fèt. Boston University Medical Group (BUMG) ak Boston Medical Center Affiliated Physicians (BMCAP), antanke patnè k ap kolabore ak Lopital yo, dakò pou yo respekte direktiv ki etabli nan Règleman Asistans Finansye Lopital yo.

Deklarasyon Règleman:

Règleman Lopital BMCHS yo, an patenarya ak Sant Sante Kominotè BMCHS ki gen lisans yo, se pou bay tout pasyan swen ki nesesè sou plan medikal, kèlkeswa kapasite yo pou peye, epi pou ofri asistans finansye bay moun ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans epi ki pa kapab peye. Tout pasyan ki vin nan Lopital BMCHS epi ki bezwen sèvis ijans imedya oswa sèvis an ijans, oswa lòt swen medikal ki nesesè, dwe jwenn tretman kèlkeswa ras, koulè, relijyon, kwayans, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oswa kapasite yo pou peye.

Lopital BMCHS yo ofri asistans finansye pou tout pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans ak sa ki gen yon asirans ki fèb, ki demontre yo pa ka peye pou tout frè nòmal yo dwe oswa yon pati nan frè a. Yo pral evalye kalifikasyon pasyan ki pa gen okenn kapasite finansye pou peye yo dapre Medicaid oswa lòt pwogram eta a, Plan Sante Kalifye, oswa yo pral evalye yo parapò ak gid pre-etabli pou detèmine kalifikasyon pou asistans dapre Charity Care Program Lopital la, (CCP). Charity Care Program la eksplike tout sikonstans kote pasyan yo ka kalifye pou swen gratis oswa pou rabè. Nivo rabè a detèmine dapre revni moun nan kay la, byen, gwosè fanmi an ak bezwen medikal yo jan yo espesifye nan direktiv kalifikasyon CCP yo.

Enfòmasyon sou pwogram asistans finansye Lopital la disponib pou pasyan yo lè y ap enskri pou sèvis yo epi lè y ap resevwa yon fakti. Yo ka konsidere tout pasyan yo pou asistans finansye nenpòt ki lè pandan peryòd faktirasyon ak rekouvreman an. Yo p ap janm chaje yon pasyan yo deklare kalifye pou Charity Care Program Lopital BMCHS plis pase Kantite yo Faktire Anjeneral pou livrezon sèvis medikal ki nesesè, ni Lopital la p ap chèche kalifye yon pasyan pou jwenn swen gratis oswa redwi nan kad Charity Care Program nan nan objektif pou kreye biznis ki peye anba yon pwogram swen sante federal oswa pou enfliyanse seleksyon yon benefisyè yon founisè patikilye, yon medsen oswa yon founisè.
Komite Finans Konsèy Administrasyon Boston Medical Center, Boston Medical Center – Brighton, ak Boston Medical Center - South te revize epi apwouve règleman sa a. Ou ka jwenn enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye a ak pwogram asistans finansye a, ki gen ladann Rezime nan langaj senp, (Dokiman A), Fòmilè Aplikasyon Charity Program Lopital BMCHS yo, oswa kopi règleman sa a ak dokiman Charity Care Program yo:

- Nan nenpòt zòn anrejistreman pasyan nan BMC, BMC Brighton, BMC South, BUMG, oswa BMCAP
- Lè w rele Depatman Konsèy Finansye a oswa vizite biwo yo, lendi jiska vandredi, ant 8 AM ak 5 PM, ki nan:
    - BMC – 617-414-5155
        - Bilding Yawkey, 850 Harrison Avenue, 1ye Etaj, Sal 1N62, Boston, MA. 02118
    - BMC Brighton – 617-779-6406
        - 736 Cambridge St., Brighton, MA 02135
    - BMC South – 508-427-3538
        - 235 N Pearl St., Brockton, MA 02301
- Lè w vizite sit entènèt Lopital la nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance pou w revize oswa telechaje
- Lè w soumèt yon demann alekri pou kopi pa lapòs bay:
    - Boston Medical Center
      Attention: Financial Counseling Office
      Yawkey Building, 850 Harrison Avenue, 1st Floor Room 1N62
      Boston, MA 02118

Aplikasyon:

Règleman Asistans Finansye a aplike pou Boston Medical Center, Boston Medical Center Brighton, Boston Medical Center South, Boston University Medical Group, Boston Medical Center Affiliated Physicians, ansanm ak Sant Sante Kominotè afilye sa yo ki opere anba lisans Lopital yo:

- Codman Square Health Center, 637 Washington Street, Boston, MA 02118
- East Boston Neighborhood Health Center, 10 Grove Street, Boston, MA 02128
- South Boston Community Health Center, 409 West Boundary Street, South Boston, MA 02127
- DotHouse Health, 1353 Dorchester Avenue, Boston, MA 02122

Eksepsyon:

Se vre BMCHS pran angajman pou ede pasyan ki gen revni ak resous limite aplike pou pwogram ki disponib pou kouvri depans swen, Charity Care Program gen limit nan kouvri Sèvis Ijans, Sèvis an Ijans ak lòt swen Medikal ki Nesesè. Anjeneral, depans ki pa nan rabè nan CCP a gen ladan:

- Sèvis ke doktè ki gen kontra yo bay ki voye fakti an prive olye de youn nan gwoup doktè ki afilye Lopital la. (Gade Dokiman E pou lis Afilye Founisè BMCHS).
- Reklamasyon otomobil, reklamasyon responsablite tyès pati, sèvis frè fiks, pousantaj kontra, ak lòt sèvis ki pa medikal, ki nesesè oswa lòt sèvis kote yo te deja aplike lòt rabè nan chaj la.

Definisyon:

Affordable Care Act, (ACA) – Lwa konplè sou refòm swen sante a, ki te adopte nan mwa mas 2010 (yo rele l pafwa ACA oswa Obamacare), ki vize: rann swen sante abòdab disponib pou plis moun lè li bay sibvansyon ("kredi taks sou prim asirans") ki diminye depans pou fanmi ki gen revni ant 100% ak 400% limit federal povrete a; elaji pwogram Medicaid nan eta yo pou kouvri tout granmoun ki gen revni ki rive jiska 138% nivo federal povrete a; epi sipòte metòd inovatè pou bay swen medikal, ki fèt pou diminye depans swen sante an jeneral.

Kantite yo Faktire Jeneralman (Amounts Generally Billed, AGB) - Montan yo baze pou evalye frè pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans yo. Pasyan ki pa gen asirans yo p ap peye plis pou Sèvis Ijans, Sèvis an Ijans, oswa lòt swen Medikal Nesesè pase AGB pou pasyan ki gen kouvèti asirans. Pou kalkile AGB, BMCHS sèvi ak metòd repèkisyon ki itilize done ki soti nan peman Medicaid, ki baze sou ane fiskal 12 mwa anvan an, pou detèmine pousantaj AGB yo dwe aplike nan chaj yo. Pousantaj AGB itilize pa BMCHS, ak metòd kote li te detèmine a disponib, gratis, nan Konsèy Finansye Pasyan an, (PFC), ak Depatman an. Ou ka fè demann lè w rele PFC nan 617-414-5155 oswa pa imèl nan DG-FinancialCounseling@bmc.org.

Certified Application Counselor "Konseye Aplikasyon Sètifye" (CAC) - Yon moun (afilye ak yon òganizasyon deziyen) ki resevwa fòmasyon epi ki kapab ede konsomatè, ti biznis ak anplwaye yo egzamine opsyon kouvèti sante ki konfòm ak ACA, yo ofri atravè Health Insurance Marketplace, epi ede yo detèmine kalifikasyon yo epi ranpli fòmilè anrejistreman yo.

Charity Care Program - Yon pwogram asistans finansye Lopital BMCHS yo ofri ki ofri yon pousantaj rabè sou balans kont pasyan an ki baze sou kapasite pasyan an pou peye epi fason pou detèmine kalifikasyon w nan pwogram nan jan Règleman Asistans Finansye lopital la presize sa.

Sèvis Ochwa - Sèvis medikal ki nesesè ki pa bezwen swen oswa tretman nan yon depatman ijans oswa yon lopital pou swen egi pou estabilizasyon medikal, e kidonk, pa satisfè definisyon sèvis ijans imedya oswa sèvis an ijans. Pasyan an anjeneral, men se pa sèlman, pwograme sèvis sa yo davans.

Sèvis Ijans - Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre aparisyon yon kondisyon medikal, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste tèt li pa mwayen sentòm ase grav ki gen ladan doulè grav, kote nou ka atann nou si li pa jwenn oswa manke swen medikal rapid sa ta ka afekte yon kondisyon oswa eta sante moun nan, sa ki ka lakoz gwo danje, andikap, oswa malfonksyònman nenpòt pati nan kò a oswa ògàn kò a, an rapò ak yon fanm ansent, jan sa defini plis nan seksyon 1867(e) (1) (B) Lwa Sekirite Sosyal, 42 U.S.C. § 1295dd(e)(1)(B). Sèvis Ijans Imedya yo gen ladan yo yon egzamen depistaj medikal ak tretman pou kondisyon medikal ijans, oswa nenpòt lòt sèvis sa yo rann nan limit sa yo mande daprè sa **EMTALA** (42 USC 1395(dd) kalifye kòm Swen Ijans. Sèvis Ijans Imedya yo gen ladan yo tou: sèvis yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans detèmine kòm yon ijans; Swen medikal pou pasyan ki entène ki gen rapò ak swen ijans pou pasyan ekstèn; epi transfè pou pasyan ki entène soti nan yon lòt lopital swen entansif al nan Lopital BMCHS pou pran swen pasyan ki entène ki pa disponib nan lopital k ap transfere a.

EMTALA - Emergency Medical Treatment & Labor Act "Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak sou Travay" (EMTALA), yon lwa Kongrè a te adopte an 1986 pou asire aksè piblik nan sèvis ijans kèlkeswa kapasite yon moun pou peye. Seksyon Lwa 1867 sou Sekirite Sosyal enpoze obligasyon espesifik sou lopital ki patisipe nan Medicare ki ofri sèvis ijans pou bay yon egzamen depistaj medikal lè yo fè yon demann pou egzamen oswa tretman pou yon kondisyon medikal ijans, ki gen ladan travay aktif, kèlkeswa kapasite yon moun pou peye. Lè sa a, lopital yo oblije bay tretman estabilize pou pasyan ki gen EMC yo. Si yon lopital pa kapab estabilize yon pasyan nan espas li a, oswa si pasyan an mande sa, yo ta dwe aplike yon transfè apwopriye.

Extraordinary Collection Actions "Aksyon Rekouvreman Ekstrawòdinè" (ECA) - Nenpòt aksyon Lopital BMCHS yo (oswa nenpòt ajan Lopital BMCHS, ki gen ladan yon ajans rekouvreman) pran kont yon moun ki gen rapò ak jwenn peman yon fakti ki kouvri anba règleman sa a ki egzije yon pwosesis legal oswa jidisyè, ki enplike vann dèt yon moun bay yon lòt pati, oswa rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans rapò sou kredi konsomatè oswa biwo kredi. Mete yon kont ak yon tyès pati pou rekouvreman pa yon ECA.

Federal Poverty Guidelines "Gid Federal Povrete" (FPG) - Se gouvènman Etazini an ki detèmine epi pibliye l chak ane nan Rejis Federal la. FPG a baze sou kantite moun ki nan yon fanmi ak revni fanmi yo

epi yo itilize l pou detèmine kalifikasyon yon pasyan pou asistans finansye dapre Pwogram Medicaid eta a ak Règleman Asistans Finansye Lopital BMCHS yo.

Chaj Brit – Pri total etabli pou swen medikal BMCHS chaje tout pasyan yo yon fason ki konsistan e inifòm anvan yo aplike alokasyon kontra, rabè, oswa lòt dediksyon yo.

Health Safety Net, HS) – Health Safety Net la se yon pwogram asistans finansye ki peye pou sèten sèvis medikal nesesè yo bay pasyan ki kalifye, ki gen revni ki fèb nan sant sante kominotè (CHC) Massachusetts yo ak lopital pou swen entansif. HSN peye CHC ak lopital pou swen entansif tou pou depans medikal difikilte (lè depans medikal ki kalifye yo depase yon pousantaj espesifik nan revni yon fanmi), ak pou kèk kalite move dèt lopital. HSN te kreye pou pataje depans yo yon fason ki pi ekitab pou founi swen san konpansasyon bay rezidan Massachusetts ki gen revni ki fèb yo gras ak swen gratis oswa rabè yo ofri atravè lopital pou swen egi ki nan eta a. Regwoupman swen san konpansasyon nan kad Health Safety Net reyalize atravè yon evaliyasyon sou chak lopital pou kouvri depans swen pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans yo ak revni ki pi ba pase 300% nivo povrete federal la. Se règleman lopital la pou tout pasyan ki resevwa asistans finansye anba règleman asistans finansye lopital la gen ladan sèvis Health Safety Net yo kòm yon pati nan swen san konpansasyon yo bay pasyan ki fèb.

Asire - Estati yon pasyan ki gen asirans oswa kouvèti yon tyès pati ki peye tout oswa yon pati nan frè brit pasyan an pou sèvis medikal. Kategori sa a gen ladan pasyan sa yo ki kouvri pa yon peyè gouvènman an tankou Medicare, Medicaid, Champus, ak benefis Veteran otorize; menm jan ak peyè prive tankou Medicare Advantage, òganizasyon swen Medicaid ap jere, swen komèsyal oswa jere, otomobil ak konpansasyon travayè.

Medikalman Nesesè - Sèvis ki rezonab pou anpeche, fè dyagnostik, anpeche vin pi grav, soulaje, korije oswa geri kondisyon ki mete lavi an danje, lakoz soufrans oswa doulè, pwovoke defòmasyon fizik oswa move fonksyònman, menase pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa lakoz maladi oswa enfimite. Sèvis Medikal ki Nesesè yo gen ladan swen pou pasyan ki entène, sèvis sante konpòtman, swen apre faz egi, ak sèvis oksilyè ki satisfè nòm nesesite medikal jan Tit XIX Lwa sou Sekirite Sosyal la otorize sa. Sepandan, yon klasifikasyon Medikalman Nesesè pa vyole oswa enkli klasifikasyon Sèvis Ijans Imedya oswa lwa EMTALA ki asosye ak deziyasyon sa a.

Lòt Sèvis - Sèvis ki pa te demontre nesesite medikal bay klinisyen an revize oswa kote kalifikasyon pasyan an pou sèvis la ka pa satisfè definisyon jeneral plan asirans pou satisfè kritè nesesite medikal kle pou sèvis la. Sèvis yo gen ladan tou pwosedi oswa tretman ke anpil plan asirans pa konsidere kòm Medikalman Nesesè, ki gen ladan, men ki pa limite ak: Operasyon Estetik, Fekondasyon In Vitro (IVF) oswa lòt Terapi Repwodiksyon Avanse (ART), Sèvis Bypass Gastrik (lè moun oswa òganizasyon k ap peye a pa detèmine li Medikalman Nesesè), ak Atik pou Konvenyans Pasyan, tankou frè ki gen rapò ak sèvis pou pase nwit ki depase sa ki nesesè pou swen medikal, oswa sèvis pou pasyan pase nwit (entène oswa ospitalizasyon pasyèl) lè pa gen yon nesesite medikal ki klèman demontre.

Sèvis Swen Prensipal - Sèvis swen sante, nòmalman ke doktè jeneralis, doktè fanmi, entènis jeneral, pedyat jeneral, ak enfimyè pratisyen prensipal oswa asistan doktè bay. Sèvis Swen Prensipal yo pa bezwen resous espesyalize yon Lopital pou Swen Egi, Depatman Ijans, epi yo ekskli Sèvis Segondè ak sèvis swen matènite.

Plan Sante Kalifye - Yon plan asirans, ki sètifye nan Health Insurance Marketplace, ki bay benefis sante esansyèl, swiv limit etabli sou pataje depans (tankou franchiz, kopeman, ak kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch), epi li satisfè lòt kondisyon anba Lwa sou Swen Abòdab la.

Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo - Yon rabè an pousantaj sou balans kont pasyan an, ki baze sou lefètke pasyan an pa gen asirans oswa li chwazi pa itilize asirans pou peye pou sèvis li resevwa yo. Rabè sa a aplike pou pasyan ki nan tout nivo revni, san okenn kritè finansye ni okenn aplikasyon obligatwa.

Pa gen ase asirans - Estati pasyan an ki gen kèk fòm asirans sante ki pa bay bon jan pwoteksyon finansye, sa ki lakoz pasyan an nan enkapasite pou kouvri lajan k ap soti nan pòch li a, depans swen sante tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz yo detèmine pa founisè asirans lan ke pasyan an dwe pou sèvis medikal yo founi yo.

San asirans - Estati yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante anvigè pou yon dat espesifik nan sèvis oswa kote kouvèti yo pa efikas pou yon sèvis espesifik akoz limit rezo a, echapman benefis asirans oswa lòt sèvis ki pa garanti.

Sèvis Swen an Ijans - Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre aparisyon toudenkou yon pwoblèm medikal, kit li fizik oswa mantal, epi li manifeste ak sentòm grav ki ase serye (tankou gwo doulè) pou yon moun òdinè ki pran bonjan prekosyon ta kwè ke si pasyan an pa resevwa swen medikal nan lespas 24 èdtan, sa ka rezonabman mete sante pasyan an an danje, afekte fonksyon kò a, oswa lakoz yon ògàn oswa yon pati nan kò a pa fonksyone byen. Yo bay sèvis an ijans pou pwoblèm ki pa mete lavi moun an danje epi ki pa prezante gwo risk pou lakoz gwo domaj nan sante yon moun. Sèvis Swen an Ijans yo pa gen ladan yo Swen Prensipal oswa Swen Opsyonèl.

Pwosedi

1. Kouvèti pou Sèvis Swen Sante

Lopital BMCHS yo bay swen pou tout pasyan ki bezwen Sèvis Ijans, Sèvis an Ijans, lòt sèvis Medikal ki Nesesè, ak fanm ansent ki nan travay aktif kèlkeswa kapasite yo pou peye. Selon egzijans federal Emergency Medical Treatment and Active Labor Act (EMTALA), Lopital la pral fè yon egzamen depistaj medikal pou tout pasyan ki prezan nan yon lokal Lopital BMCHS k ap chèche Sèvis Ijans pou detèmine si gen yon kondisyon medikal ijans ki existe. Pwofesyonèl medikal k ap trete a pral detèmine si yo bezwen sèvis ijans oswa sèvis ki pa ijans lè li evalye nivo swen ak tretman ki nesesè pou chak pasyan dapre sentòm klinik yo prezante epi swiv estanda pratik ki aplikab yo.

1.1. Kalifikasyon pou swen gratis oswa redwi dapre Charity Care Program Lopital BMCHS yo aplikab pou sèvis swen ijans imedya, an ijans ak prensipal. An jeneral, detèminasyon kalifikasyon yo fèt apre yo fin bay sèvis la epi yo baze sou sitiyasyon finansye pasyan an jan sa detèmine nan Gid Federal Povrete (FPG) ak kalite pasyan an epi klasifikasyon swen medikal yo bay la. (Gade Dokiman C pou tablo FPG). Nan okenn ka, detèminasyon kalifikasyon yon pasyan nan FAP pa entèfere ak aksè pou jwenn swen ijans e lopital la ap bay swen ijans kèlkeswa kalifikasyon FAP a.

1.2. Sèvis swen prensipal yo enkli swen medikal ki nesesè pou kenbe sante ak prevansyon maladi. Sèvis sa yo jeneralman pwograme davans oswa pasyan an oswa founisè swen sante a ka pwograme nan menm jou a.

1.2.1. Swen Prensipal se swen nòmal doktè jeneralis, doktè fanmi, entènis jeneral, pedyat jeneral, ak enfimyè pratikan oswa asistan doktè yo e ki prensipalman pa bezwen resous

espesyalize nan yon depatman ijans Lopital pou Swen Entansif epi li ka ekskli Sèvis Oksilyè ak sèvis swen matènite.

1.3. Kalifikasyon nan Charity Care Program Lopital BMCHS yo toujou aplike nan tout Sèvis Ijans, Sèvis an Ijans, Sèvis Swen Prensipal, ak lòt swen Medikal ki Nesesè Lopital la ofri.

2. **Asistans Finansye ak Kalifikasyon nan Pwogram nan**

2.1. Lopital BMCHS yo ofri asistans finansye atravè yon Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo pou tout pasyan ki pa gen asirans kèlkeswa kapasite yo pou peye. Sepandan, si yon pasyan ki pa gen asirans pa kapab peye balans ki rete a apre yo fin aplike Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo a, pasyan an ka mande epi aplike pou Charity Care Program Lopital BMCHS yo.

2.1.1. Si yon pasyan ki pa gen asirans resevwa yon Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo epi answit li bay enfòmasyon sou yon kouvèti asirans valab pou dat sèvis rankont la, lè sa a, Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo nan ap anile epi Lopital BMCHS yo ap faktire tyès pati a.

2.1.2. Si yon pasyan ki pa gen asirans resevwa yon Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo epi answit li kalifye pou asistans finansye nan Charity Care Program nan, lè sa a, Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo nan pral ranvèse, epi yo pral aplike rabè nan Charity Care Program nan pou byen klasifye ajisteman kont lan.

2.1.3. Sèvis ki jeneralman pa enkli nan Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo:

2.1.3.1. Sèvis ke doktè ki se kontraktè endepandan founi epi faktire an prive pou swen yo bay olye de youn nan gwoup doktè ki afilye ak BMCHS.

2.1.3.2. Balans kont apre pwosesis asirans, ki gen ladan kopeman, ko-asirans ak franchiz asirans.

2.1.3.3. Reklamasyon otomobil a motè, reklamasyon responsablite tyès pati, sèvis frè fiks, pousantaj kontra, lòt sèvis medikal ki pa nesesè, ak/oswa lòt sèvis kote lòt rabè yo te deja aplike nan frè yo anjeneral, men ki pa klè, k pa nan Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo etandone gen Konsiderasyon Endividyèl ki ka aplike.

2.2. Yo evalye pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ki demontre bezwen finansye pou swen medikal pou kalifikasyon yo ak kouvèti asirans sou baz direktiv ki konsistan, pre-etabli yo detèmine pa pwogram Medicaid eta a, Plan Sante Kalifye ak Charity Care Program Lopital BMCHS yo.

2.3. Pasyan yo ka mande asistans finansye nenpòt ki lè pandan pre-anrejistreman, pandan anrejistreman, sejou pasyan ki entène, sèvis pou pasyan ekstèn, oswa pandan y ap fè sikilasyon fakti ak rekouvreman yo lè yo mande epi soumèt yon aplikasyon ki ranpli pou asistans finansye.

2.4. Gen yon Konseye Sètifye pou Aplikasyon, (CAC), ki disponib nan Depatman Konsèy Finansye Lopital la pou verifye kalifikasyon pasyan yo pou pwogram nan epi bay asistans an pèsòn pou anrejistrean si sa nesesè. Atik ki nesesè pou aplike pou Charity Care Program:

2.4.1. Aplikasyon ki konplete, siyen pa pasyan an ak konjwen pasyan an, si li marye, oswa pa garan, (sa vle di paran oswa gadyen).

2.4.2. Prèv rezidans

2.4.3. Prèv idantite

2.4.4. Prèv Revni Kay la

2.4.4.1. Revni touche

2.4.4.2. Revni ki pa rantre

2.4.4.3. Revni sou lokasyon

2.4.5. Deklarasyon Sipò (si yo pa rapòte okenn revni)

2.4.6. Enfòmasyon sou byen, pou enkli:

2.4.6.1. Deklarasyon Labank

2.5. Tout pasyan ki mande asistans finansyè yo dwe evalye dabò pou kalifikasyon yo nan pwogram asistans piblik oswa QHP espesifik nan Eta pasyan an gen rezidans an.

2.5.1. Nan Massachusetts, pwogram yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman, MassHealth, pwogram peman asistans prim ki opere pa Health Connector, Children's Medical Security Program, Health Safety Net, ak Medical Hardship.

2.5.2. Pasyan ki kalifye pou yon opsyon kouvèti piblik dwe konfòme yo ak pwosesis aplikasyon pou pwogram sa a epi yo dwe resevwa yon refi anvan yo envoke benefis adisyonèl anba a Charity Care Program.

2.5.3. Se Konseye Sètifye pou Aplikasyon, (CAC) a ki fè tès depistaj ak aplikasyon pou asirans sante piblik nan lopital la. Aplikasyon yo ka ranpli epi soumèt sou papye, pa faks, oswa sou Entènèt atravè sistèm Echanj Asirans Sante Eta (HIX).

2.6. CAC Lopital la ka ede pasyan yo aplike tou pou Elijiblite Presonpsyon pou bay pasyan ki nan sikonstans espesyal aksè imedyat nan sèvis ki garanti atravè MassHealth oswa Health Safety Net.

2.6.1. Se yon CAC ki konplete pwosesis pou prezime kalifikasyon, ki sou baz oto-atestasyon enfòmasyon finansye pasyan an, pral detèmine ke pasyan an satisfè definisyon Eta a pou Pasyan Ki gen Revni ki Fèb epi kidonk li pral kalifye pasyan an pou pwoteksyon anba MassHealth oswa HSN.

2.6.2. Yon deziyasyon Elijiblite Prezime bay yon peryòd kouvèti limite, kòmanse nan dat CAC lopital la pran detèminasyon an jiska fen mwa ki vin apre a. Pandan yon peryòd kalifikasyon sipoze, pasyan yo oblije ranpli epi soumèt yon aplikasyon konplè ak dokiman verifikasyon ki obligatwa pou asire kouvèti a kontinye.

2.7. Si yo detèmine yon pasyan pa kalifye pou yon pwogram asistans piblik, QHP, HSN, oswa Medical Hardship (Difikilte Finansye Akoz Depans Medikal), lè sa a, yo pral evalye pasyan yo pou kalifikasyon yo pwogram nan Charity Care Program Lopital la.

2.7.1. Gras ak patisipasyon nan Health Safety Net Massachusetts la, pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans ak sa ki pa gen ase asirans k ap resevwa sèvis nan Lopital BMCHS yo ka kalifye pou jwenn asistans finansye, ki gen ladan swen gratis oswa pasyèlman gratis pou sèvis HSN ki kalifye yo. Se règleman lopital la pou tout pasyan ki resevwa asistans finansye anba règleman asistans finansye lopital la gen ladan sèvis Health Safety Net yo kòm yon pati nan swen san konpansasyon yo bay pasyan ki fèb.

2.7.1.1. *Health Safety Net - Prensipal* - Yo ka detèmine rezidan Massachusetts ki pa gen asirans ki gen revni ki verifye ant 0 ak 300% Nivo Povrete Federal la kalifye pou Sèvis Kalifye Health Safety Net yo.

2.7.1.1.1. Peryòd kalifikasyon ak kalite sèvis ki kouvri anba *HSN Prensipal* limite pou pasyan ki kalifye pou enskripsyon nan Pwogram Peman Asistans Prim Massachusetts ki opere pa Health Connector.

2.7.1.1.2. Pasyan ki sibi egzijans Pwogram Asirans Sante pou Etidyan nan Massachusetts yo pa kalifye pou *HSN Prensipal*.

2.7.1.2. *Health Safety Net - Segondè* - Yo ka konsidere pasyan ki abite nan Massachusetts ki gen asirans sante prensipal ak revni ant 0 ak 300% Nivo Povrete Federal la kalifye pou Sèvis Kalifye Health Safety Net yo.

2.7.1.2.1. Peryòd kalifikasyon ak kalite sèvis pou *HSN- Segondè* limite pou pasyan ki kalifye pou anrejistreman nan Premium Assistance Payment Program ki opere pa Health Connector.

2.7.1.3. *Health Safety Net - Franchiz pasyèl* -Pasyan ki kalifye pou *HSN Prensipal* oswa *HSN - Segondè* ak revni ant 150.1% ak 300% nan Nivo Povrete Federal la ka sijè a yon franchiz anyèl si tout manm nan Group Family Billing Premium yo gen yon revni ki depase 150.1% nan Nivo Povrete Federal la. Pa gen okenn franchiz pou okenn manm Premium Billing Family Group si revni an depase 150.1% Nivo Povrete Federal la. Franchiz anyèl la egal a pi gwo nan:

2.7.1.3.1. Pwogram Peman Asistans Prim ki pi ba pri Health Connector prim te opere, ajiste pou gwosè Premium Billing Family Group la pwopòsyonèlman ak estanda revni MassHealth Federal Poverty Level, depi kòmansman ane kalandriye a; oswa

2.7.1.3.2. 40% diferans ki genyen ant Revni ki pi feb nan MassHealth Modified Adjusted Gross Income Household oswa Medical Hardship Family Countable Income (Revni Familyal Kontab ki la pou Difikilte Medikal), jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), nan Gwoup Fanmi Faktirasyon Prim aplikan an ak 200% Nivo Povrete Federal la.

2.7.1.4. *Health Safety Net - Medical Hardship* -Yon rezidan Massachusetts ki gen nenpòt revni ka kalifye pou *Medical Hardship* atravè Health Safety Net si depans medikal akseptab yo te tèlman diminye revni kontab yo ke li pa kapab peye pou sèvis sante yo. Pou kalifye pou *Medical Hardship*, depans medikal akseptab moun k ap aplike a dwe depase yon pousantaj espesifik nan revni aplikan an fason ki vin annapre a:

2.7.1.4.1. Nivo Revni Pousantaj Revni Kontab:

0 - 205%	Nivo povrete federal 10%
205.1 - 305%	Nivo povrete federal 15%
305.1 - 405%	Nivo povrete federal 20%
405.1 - 605%	Nivo povrete federal 30%
> 605.1%	Nivo povrete federal 40%

2.7.1.4.2. Yo konsidere kontribisyon yo mande aplikan kòm yon pousantaj espesifye nan Revni Kontab ki baze sou Medical Hardship Nivo Povrete Federal Fanmi an, miltipliye pa Revni Kontab aktyèl la

mwens fakti ki pa kalifye pou peman Health Safety Net, aplikan an ap rete responsab.

2.7.2. Moun ki ranpli kondisyon kalifikasyon pou kalifye pou asistans finansye nan yon pwogram Health Safety Net ki dekri nan II.E. FAP a gendwa genyen fakti pou sèvis yo te rann anvan 10 jou ki anvan dat aplikasyon pou kouvèti Health Safety Net. Dapre règleman Health Safety Net, sèten sèvis prensipal ak ochwa pa pral kalifye pou kouvèti anba Health Safety Net anvan peryòd 10 jou a epi moun nan rete responsab pou montan fakti sa yo. Nan moman yo detèmine kalifikasyon Health Safety Net la, Lopital BMCHS yo pral bay 100% kouvèti swen charitab pou fakti sa yo pou sèvis yo te rann anvan peryòd 10 jou a epi li p ap angaje yo nan lòt rekouvreman sou fakti sa yo.

2.8. Pasyan yo detèmine ki pa kalifye pou yon pwogram asistans piblik, QHP, HSN, oswa Medical Hardship, pral evalye pou kalifikasyon l nan pwogram nan dapre Charity Care Program Lopital BMCHS yo. Y ap itilize enfòmasyon yo rasanble pou detèmine si w kalifye pou Charity Care Program.

2.8.1. Pasyan ki pa gen asirans yo detèmine ki elijib pou Charity Care Program nan pral kalifye pou yon rabè, ki ap aplike nan frè brit ki ka kouvri tout oswa yon pati nan fakti medikal ki poko peye yo. Yon pasyan ki elijib pou Charity Care Program pap janm peye plis pase AGB. Yo detèmine kalifikasyon pasyan yo ak rabè ki aplikab yo nan tablo ki nan Dokiman an C.

2.8.2. Pasyan ki gen yon asirans ki fèb yo detèmine ki elijib pou Charity Care Program nan kalifye pou yon rabè ki aplike nan balans kont yo apre tretman asirans la. Yo detèmine kalifikasyon pasyan yo ak rabè ki aplikab yo nan tablo ki nan Dokiman an C.

2.8.3. Kalifikasyon pou swen gratis oswa redwi, nan tout ka yo konsidere pou asistans finansye, yo detèmine lè l sèvi avèk Gid Federal Povrete ki te pibliye ki pi resan (Gade Dokiman C).

2.8.3.1. Limit avantaj pou kalifikasyon yo pa ka depase $3,000 pou aplikan ak $3,000 pou konjwen aplikan an si sa aplikab.

2.8.3.2. Detèminasyon byen yo p ap janm gen ladan yo rezidans prensipal pasyan an oswa otomobil prensipal la.

2.8.4. BMCHS ofri yon Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yopou pifò sèvis pou pasyan ki pa gen asirans.
Rabè sa a aplike pou pasyan ki nan tout nivo revni, san okenn kritè finansye ni okenn aplikasyon obligatwa.

2.8.5. BMCHS p ap faktire pasyan ki pa gen asirans epi ki kalifye pou Asistans Finansye plis pou Sèvis Ijans, Sèvis an Ijans, oswa lòt swen ki Nesesè sou Plan Medikal pase AGB pou pasyan ki gen asirans. Pou kalkile AGB, BMCHS sèvi ak metòd repèkisyon ki itilize done ki soti nan peman Medicaid, ki baze sou ane fiskal 12 mwa anvan an, pou detèmine pousantaj AGB yo dwe aplike nan chaj yo. Pousantaj AGB itilize pa BMCHS, ak metòd kote li te detèmine a disponib, gratis, nan Konsèy Finansye Pasyan an, (PFC), ak Depatman an. Ou ka fè demann lè w rele PFC nan 617-414-5155 oswa pa imèl nan DG-FinancialCounseling@bmc.org.

2.8.6. BMCHS pa faktire oswa atann peman frè brit/total nan men okenn moun ki kalifye anba FAP, oswa ki pa gen asirans sante men ki pa kalifye pou asistans finansye.

2.9. Yo ka bay konsiderasyon endividyèl pou pasyan ki demontre yon sitiyasyon finansye espesyal, epi yo ka pwolonje rabè yo sou baz chak ka apa, ann akò ak Règleman BMCHS sou Kredi ak Rekouvreman, epi anplis lòt dispozisyon ki endike nan FAP la, pou pran an konsiderasyon ka patikilye kote gen difikilte finansye.

3. **Metòd pou aplike pou Asistans Finansye**

3.1. Pasyan yo ka mande epi aplike pou asistans finansye:

3.1.1. Lè w ale nan yon biwo Konsèy Finansye pou Pasyan nan adrès sa a:

- Yawkey Building, 850 Harrison Avenue, 1ye Etaj Sal 1N62
  Boston, MA 02118
- BMC Brighton - 736 Cambridge St., Brighton, MA 02135
- BMC South – 235 N Pearl St., Brockton, MA 02301

3.1.2. Lè w rele Depatman Konsèy Finansye a pou yo fè yon evaliyasyon pa telefòn oswa pou pran yon randevou ak yon Konseye Finansye, lendi rive vandredi, soti 8 AM rive 5 PM.

- BMC – 617-414-5155
- BMC Brighton – 617-779-6406
- BMC South – 508-427-3538

3.1.3. Lè w voye yon demann alekri pou enfòmasyon sou FAP la, ki gen ladan kopi Financial Assistance Screening Form (Fòmilè Depistaj Asistans Finansye) a ak aplikasyon Charity Care Program Lopital BMCHS la, pou ranpli epi soumèt pa lapòs pou yo trete l.

3.1.3.1. Aplikasyon FAP ak Charity Care Program Lopital BMCHS la disponib nan https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance, epi yo ka enprime, konplete, epi voye tounen an pèsòn oswa pa lapòs pou trete.

3.1.3.2. Si w ap aplike pa lapòs, pasyan yo ta dwe soumèt Fòmilè Depistaj Asistans Finansye a, Aplikasyon an ak kopi dokiman yo mande yo nan:

- Boston Medical Center
  Attention: Patient Financial Counseling
  Yawkey Building, 850 Harrison Avenue, 1st Floor Room 1N62
  Boston, MA 02118

3.2 Detèminasyon Kalifikasyon

3.2.1 Depatman Konsèy Finansye Pasyan nan BMCHS responsab pou fè yon detèminasyon sou kalifikasyon ki baze sou dokiman pasyan yo bay pou pwosesis aplikasyon an. Pasyan yo ka kontakte depatman Asistans Finansye a ak kesyon sou detèminasyon kalifikasyon yo lè yo rele (617) 414-5155.

3.2.2 Yonfwa yo resevwa yon aplikasyon konplete epi trete, yo pral fè yon detèminasyon sou kalifikasyon, epi yo ap fè aplikan an konnen desizyon an alekri.

3.2.3 Notifikasyon pou Demann pou Plis Enfòmasyon oswa Refi:

3.2.3.1 Yo p ap refize asistans finansye ki baze sèlman sou yon aplikasyon enkonplè pasyan te soumèt okòmansman. Kalite dokiman ki pi komen ki nesesè pou aplike yo fè referans nan

seksyon II.D règleman sa a epi yo dekri nan dokiman rezime BMCHS ki atache a (Dokiman B).

3.2.3.2 Si yo bezwen lòt dokiman pou fè yon detèminasyon, lè sa a, pasyan an pral resevwa yon nòt pa lapòs USPS ak yon demann pou retounen dokiman verifikasyon yo nan 30 jou apati dat notifikasyon an.

3.2.3.3 Si pasyan an pa bay lòt dokiman, yo ka refize aplikasyon pou asistans finansye li a epi yo pral voye fakti pou pasyan an dapre Règleman BMCHS sou Kredi ak Rekouvreman.

3.2.3.3.1 Pasyan ki pa gen asirans yo jije ki pa kalifye oswa yo refize pou pwogram asistans finansye yo pral resevwa Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo jan sa apwopriye.

3.2.3.3.2 Pasyan ki pa gen ase asirans yo jije ki pa kalifye oswa yo refize pou pwogram asistans finansye yo pral responsab pou balans kont ki rete a apre tretman asirans lan.

3.2.3.3.3 BMCHS ap fè efò rezonab pou l kolekte sou kont yo dwe.

i. Pasyan ap resevwa yon minimòm kat deklarasyon sou yon peryòd 120 jou anvan yo konsidere kont pou deziyasyon move dèt.

ii. Lòt efò rekouvreman yo gen ladan yo apèl nan telefòn, lèt, notifikasyon kontak pèsonèl, notifikasyon elektwonik, oswa nenpòt lòt metòd notifikasyon ki reprezante yon efò otantik pou kontakte pati ki responsab balans lan.

iii. BMCHS fè kontra ak yon ajans rekouvreman ekstèn pou ede nan rekouvreman sèten kont, ki gen ladan kantite lajan pasyan ki responsab yo pa rezoud apre yo fin fè fakti Lopital yo oswa avi final yo. Sepandan, BMCHS pa angaje yo nan Aksyon Rekouvreman Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Action, ECA), pou jwenn peman sou kont dwe yo.

3.2.3.3.4 Règleman sou Kredi ak Rekouvreman BMCHS yo disponib pou egzamine sou sitwèb lopital la nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance

3.2.4 Notifikasyon Apwobasyon

3.2.4.1 Pasyan ki apwouve, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans yo pral resevwa yon rabè jan sa espesifye nan FAP a, (Gade Dokiman C a pou yon rezime kritè kalifikasyon ak rabè ki aplikab).

3.2.4.2 BMCHS pral kontakte pasyan an pa lapòs USPS pou notifye apwobasyon pou pwogram asistans finansye a. Avi sa a pral gen ladan etap yon pasyan ka swiv pou jwenn enfòmasyon sou fason yo te detèmine responsablite pasyan an, si sa aplikab, ansanm ak enfòmasyon ki konfime ke balans ki dwe a pa depase Kantite yo Faktire Anjeneral la.

3.2.4.3 Si yon pasyan te deja etabli yon plan peman oswa fè peman sou kont li a, epi apre sa yo apwouve pou Pwogram Charite Lopital BMCHS yo, nenpòt peman anplis montan kopeman pwogram charite a pral swa aplike nan yon lòt kont oswa yo ranbouse pasyan an si pa gen okenn lòt dèt ki egziste.

3.2.5 Obligasyon Pasyan yo

3.2.5.1 Pasyan yo dwe patisipe nan pwosesis tès depistaj asistans finansye a epi dakò pou yo aplike pou kouvèti asirans sante ki disponib la si yo konsidere yo ka kalifye pou yon pwogram asistans piblik oswa Plan Sante Kalifye.

3.2.5.2 BMCHS rezève dwa pou li mande verifikasyon yon aplikasyon yo te refize pou yon pwogram asirans sante ki disponib anvan yo ka konsidere pasyan an pou asistans finansye dapre Charity Program Lopital BMCHS yo.

3.2.5.3 Pasyan yo oblije soumèt yon aplikasyon Charity Program Lopital BMCHS yo ki ranpli epi siyen, epi bay dokiman pou verifye revni, byen ak estati rezidans yo, jan sa nesesè pou enskri nan yon plan asirans sante oswa pou aplike pou asistans dapre Charity Care Program Lopital BMCHS yo. (Gade Dokiman D pou Aplikasyon pou Charity Program).

3.2.5.4 Pasyan yo dwe divilge tout kouvèti Konpansasyon Travayè, Otomobil a Motè oswa Responsablite Tyès Pati epi kolabore ak demann pou peye reklamasyon an trete.

3.2.5.5 Pasyan yo gen obligasyon pou bay biwo Konsèy Finansye Lopital la mizajou alè konsènan chanjman nan adrès, travay, oswa sitiyasyon asirans jan pwogram asistans finansye yo mande yo.

3.2.5.6 Pasyan yo dwe dakò pou yo peye balans kont yo apre asirans lan fin trete reklamasyon an, lè balans sa yo pa kalifye pou rabè dapre FAP la, tankou kopeman, ko-asirans ak franchiz.

3.2.6 Obligasyon BMCHS

3.2.6.1 BMCHS pral fè tout efò rezonab pou kolekte estati asirans pasyan an ak enfòmasyon finansye ki nesesè pou detèmine responsablite pou peman tout sèvis swen sante pou pasyan ki entène oswa pou pasyan ekstèn pandan pre-anrejistreman pasyan an, nan dat sèvis la, lè pasyan an rantre nan Lopital la, lè yo egzeyate l oswa pou yon tan rezonab apre egzeyat lopital la. Efò rezonab yo gen ladan yo:

3.2.6.1.1 Mande kat asirans pasyan an

3.2.6.1.2 Verifye kouvèti asirans li nan sistèm kalifikasyon Lopital la

3.2.6.1.3 Verifye kouvèti gras ak aksè nan baz done asirans piblik oswa prive

3.2.6.1.4 Jwenn enfòmasyon sou tyès pati ki peye.

3.2.6.2 BMCHS pral eseye mennen ankèt sou nenpòt tyès pati ki peye ki ka responsab pou peye pou sèvis yo bay, ki gen ladan men pa sa sèlman:

3.2.6.2.1 Otomobil ak motè oswa règleman responsablite pwopriyetè kay la

3.2.6.2.2 Règleman jeneral sou aksidan

3.2.6.2.3 Pwogram Konpansasyon pou Travayè

3.2.6.2.4 Règleman sou Asirans Etidyan

3.2.6.3 Si pasyan an oswa garan/responsab legal la pa kapab bay enfòmasyon ki nesesè yo, epi pasyan an dakò, lè sa a BMCHS ka eseye kontakte fanmi, zanmi, garan/responsab legal ak/oswa lòt tyès pati ki apwopriye pou plis enfòmasyon.

4. Notifikasyon Disponibilite Asistans Finansye

4.1. BMCHS pran mezi sa yo pou li pibliye Règleman Asistans Finansye li yo:

4.1.1. Enfòme pasyan an sou Charity Program Lopital BMCHS yo epi ofri li kopi Rezime an Langaj Senp, (PLS), nan moman anrejistreman an kòm yon pati nan pwosesis admisyon estanda a.

4.1.2. Afich siyal konsènan òf pwogram asistans finansye yo, ki gen ladan fason ak ki kote pou aplike, yo afiche byen klè nan kote pasyan yo gen aksè nan tout Lopital BMCHS yo:

4.1.2.1. Nan depatman ak/oswa zòn datant kote yo bay pasyan ki entène, pasyan ekstèn, klinik, ak sèvis ijans.

4.1.2.2. Nan Biwo Konsèy Finansye Pasyan yo

4.1.2.3. Nan zòn admisyon santral ak anrejistreman pasyan yo

4.1.3. Fè kopi règleman an, fòmilè tès depistaj, aplikasyon an, ak Plain Language Summary:

4.1.3.1. Sou demann pasyan an, an pèsòn, pa telefòn, oswa pa lapòs.

4.1.3.2. Sou sitwèb lopital yo, pou konsilte oswa telechaje nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance

4.1.3.3. Nan lokal pasyan an gen aksè nan tout BMCHS yo

4.1.4. Bay yon avi jeneral sou disponiblite pwogram asistans finansye nan deklarasyon fakti pasyan yo.

4.2. Tout notifikasyon ki poste oswa afiche ak materyèl ekri ki gen rapò ak FAP, ki gen ladan fòmilè tès depistaj, aplikasyon an, PLS, ak bwochi edikatif, yo tout tradwi nan lòt lang ki pa

anglè, si 5% oswa plis nan popilasyon ki abite nan zòn sèvis Lopital BMCHS yo pale lang sa. Kounye a, tout siy ak materyèl ekri yo tradwi nan lang sa yo:

i. Anglè
ii. Panyòl
iii. Ris
iv. Kreyòl ayisyen
v. Pòtigè
vi. Vyetnamyen
vii. Kapvèdyen
viii. Albanè
ix. Arab
x. Chinwa

5. Faktirasyon Lopital ak Pratik Rekouvreman

5.1. BMCHS gen yon devwa fidisyè pou chèche ranbousman, pou sèvis li bay nan men moun ki ka peye, nan men konpayi asirans tyès pati ki kouvri depans swen an, ak nan lòt pwogram asistans pou pasyan ki kalifye.

5.2. Jan sa endike nan Règleman sou Kredi ak Rekouvreman an, pwosedi faktirasyon ak rekouvreman BMCHS swiv yo rezonab:

5.2.1. Chak deklarasyon fakti yon pasyan resevwa se yon tantativ pou kolekte yon balans li dwe. Chak deklarasyon ap genyen enfòmasyon pou enfòme pasyan an oswa garanti sou disponiblite pwogram asistans finansye yo, ki gen ladan fason pou mande ak aplike pou asistans;

5.2.2. BMCHS pral dokimante aktivite rekouvreman kontinyèl ki gen ladan omwen kat (4), deklarasyon pasyan sou yon peryòd 120 jou anvan yo konsidere kont lan pou deziyasyon move dèt.

5.2.3. Nan yon notifikasyon final, yo pral avize pasyan oswa garan an ke yo ka refere kont lan bay yon ajans rekouvreman deyò epi yo enfòme yo sou disponiblite pwogram asistans finansye.

5.2.4. BMCHS pral dokimante tout efò altènatif yo fè pou jwenn yon pati ki responsab balans kont lan oswa pou jwenn yon adrès kòrèk sou deklarasyon fakti sèvis lapòs la retounen kòm "adrès ki pa kòrèk" oswa "pa ka delivre."

5.2.5. BMCHS pral dokimante epi kenbe done konsènan fakti kontinyèl oswa aksyon rekouvreman yo te fè kòm prèv pou egzamen odit pa yon ajans federal ak/oswa eta a pou rapò depans ane fiskal kote yo rapòte fakti a oswa kont la.

5.2.6. BMCHS p ap kontinye faktire oswa mande rekouvreman sou balans kont lopital ki mwens pase $25.00 paske montan sa entèdi. Sepandan, BUMG ak BMCAP pral kontinye fè efò pou faktire ak fè rekouvreman sou balans kont ki plis pase $5 pou sèvis doktè yo.

5.3. Pasyan yo detèmine ki pa kalifye pou pwogram asistans finansye, men ki ka demontre difikilte finansye akoz sikonstans ki pa nòmal oswa yo pa t prevwa, yo ankouraje yo pote sitiyasyon yo bay Konsèy Finansye pou Pasyan pou Konsiderasyon Endividyèl. BMCHS, ann akò ak Règleman Kredi ak Rekouvreman li a, ka itilize diskresyon li epi pwolonje rabè pi lwen pase lòt dispozisyon ki nan Règleman Asistans Finansye a, sou baz chak ka apa, pou rekonèt ka patikilye ki nan difikilte finansye.

5.4. Règleman sou Kredi ak Rekouvreman BMCHS yo disponib pou egzamine sou sitwèb lopital la nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance.

Responsablite:
Konsèy Finansye Pasyan (Patient Financial Counseling)

Dokiman/ekspozisyon:
Dokiman A – Rezime BMCHS an Langaj Senp
Dokiman B – Rezime Dokiman Verifikasyon FAP Akseptab yo
Dokiman C – Gid sou Kalifikasyon ak Rabè pou Pwogram Charite a
Dokiman D – Aplikasyon pou BMCHS Charity Program
Dokiman E – Lis Founisè Afilye BMCHS yo

Lòt Règleman ki Konsène:
09.11.000 Tretman ak Transfè Pasyan ann Ijans
08.26.000 Kredi ak Rekouvreman

Inisye pa:
Konsèy Finansye Pasyan (Patient Financial Counseling)

Depatman ki kontribye:
Sik revni
- Konsèy Finansye Pasyan (Patient Financial Counseling)
- Sèvis Aksè Pasyan yo
- Sèvis Finansye Pasyan ak Estrateji Sik Revni
- Entegrite revni ak fakti pwofesyonèl

Sistèm ranbousman ak peman
Legal ak Konfòmite

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Boston Medical Center Health System

Règleman Asistans Finansye BMCHS: **Rezime an Langaj Senp**

Boston Medical Center Health System bay tout pasyan swen ki nesesè sou plan medikal, kèlkeswa ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite oswa ekspresyon sèks, oswa kapasite pou peye. BMCHS ofri asistans finansye pou pasyan ki gen revni ki fèb, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, ki nan nesesite ak enkapasite pou yo peye pou swen. BMCHS pral travay ak pasyan yo pou detèmine si yo kalifye pou asistans finansye epi ede yo aplike pou kouvèti nan pwogram Medicaid oswa lòt pwogram eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa Charity Care Program lopital la. Pasyan ki kalifye pou Charity Care Program la p ap peye plis pase kantite lajan yo faktire anjeneral pou sèvis ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè.

Kiyès ki kalifye?
Pasyan ki gen revni fèb, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, ki bezwen swen medikal ki nesesè epi ki pa kapab peye pou sèvis yo, ka aplike pou pwogram asistans finansye. Kalifikasyon pou pwogram nan baze sou direktiv ki gen ladan revni moun nan nan kay la, kantite moun nan fanmi an, bezwen medikal yo ak eta kote li abite. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansye ap detèmine ki kalite pwogram li kalifye pou li. Gen kèk pasyan ki pral kalifye pou pwogram ki pa egzije yo peye pou sèvis yo, alòske lòt pwogram ka egzije yon pasyan ki kalifye pou fè yon peman pasyèl. Rezidan Massachusetts yo ka kalifye tou pou Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net eta a. Kèlkeswa kantite moun nan kay la ak revni yo, yon moun ka kalifye pou Medical Hardship si depans medikal akseptab li yo pi gran pase yon pousantaj etabli nan revni kay la. Pasyan yo deklare ki pa elijib pou pwoteksyon dapre pwogram asistans finansye Eta s oswa federal yo pral evalye pou kalifikasyon anba Charity Care Program lopital la.

Kijan pou Aplike:
Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye BMCHS a, Charity Care Program ak aplikasyon an disponib nan fason sa a:

- Kontakte Konsèy Finansye pou Pasyan nan (617) 414-5155 oswa ale nan youn nan biwo yo, lendi rive vandredi, soti 8 AM rive 5 PM, nan:
  - BMC: Bilding Yawkey, 850 Harrison Avenue, 1ye etaj, Sal 1N62, Boston, MA. 02118
  - BMC Brighton - 736 Cambridge St., Brighton, MA 02135
  - BMC South – 235 N Pearl St., Brockton, MA 02301

- Vizite sitwèb Lopital la nan https://www.bmchealthsystem.org/patient-financial-assistance

- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon pou aplikasyon yo pa lapòs nan:
  Boston Medical Center
  Attention: Patient Financial Counseling Office
  850 Harrison Ave
  Boston, MA 02118

Enfòmasyon yo disponib pou tout pasyan an anglè. Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Ris, Pòtigè, Vyetnamyen, Kreyòl Kapvèdyen, Arab, Albanyen, Albanè. Gen asistans ki disponib pou ede ranpli aplikasyon an nan lòt lang atravè sèvis entèpretasyon MassHealth yo nan 1-800-841-2900, oswa lè w rele Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-4 at 617- oswa lè w ale nan youn nan biwo yo.

V.2_8/2026

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Pwogram Asistans Finansye Boston Medical Center Health System

BMCHS pral ede rezidan Massachusetts ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans pou aplike pou kouvèti medikal atravè pwogram asistans piblik yo (tankou MassHealth, pwogram peman asistans pou prim Health Connector la jere a, Children's Medical Security Program, Health Safety Net, ak Medical Hardship) oswa Charity Care Program BMCHS. Règleman Asistans Finansye BMCHS la, ansanm ak aplikasyon ak enstriksyon pou Charity Care, disponib pou tout pasyan an anglè, panyòl, kreyòl ayisyen, ris ak pòtigè. Vyetnamyen, kreyòl kapvèdyen, arab, albanyen ak chinwa. Asistans pou ranpli aplikasyon an nan lòt lang disponib atravè sèvis entèpretasyon MassHealth nan **1.800.841,2900** oswa atravè Biwo Konsèy Finansye BMC nan **617.414.5155** oswa lè w ale nan yon biwo Konsèy Finansye, lendi rive vandredi, soti 8am-5pm nan

- BMC: Bilding Yawkey, 850 Harrison Avenue, 1ye etaj, Sal 1N62, Boston, MA. 02118
- BMC - Brighton: 736 Cambridge St., Brighton. MA 02135
- BMC - South: 235 N Pearl St., Brockton. MA 02301

Anplwaye lopatal la pral travay ak moun yo pou aplike nan pwogram apwopriye yo. Yo bay yon lis dokiman ki akseptab anba a:

- **Prèv Revni Kay la -**Obligatwa pou chak manm nan kay la k ap travay. Dokiman valab yo gen ladan yo:
  - De dènye souch peman
  - Lèt Prim Sekirite Sosyal
  - Deklarasyon taks sou revni ak orè C (sèlman si se travayè endepandan)
  - Konpansasyon Chomaj

- **Idantifikasyon ak foto -** Obligatwa pou chak granmoun ki manm fanmi an. Dokiman idantifikasyon valab yo gen ladan yo:
  - Lisans, kat idantite gouvènman an bay ki gen foto.
  - Rapò oswa kat militè
  - ID elèv
  - Foto paspò

  (Mande lòt fòm ID si pa gen youn nan sa ki anwo yo ki disponib)

- **Verifikasyon Sitwayènte -** Nesesè pou verifye sitwayènte ameriken. Dokiman MassHealth aksepte yo gen ladan yo:
  - Ak de nesans
  - Paspò
  - Dosye Lopital sètifye

- **Prèv Estati nan Imigrasyon -** Moun ki pa sitwayen ki aplike pou asistans medikal ki pa MassHealth Limited oblije bay dokiman pou verifye estati yo nan imigrasyon, tankou:
  - Kat Rezidans legal pèmanan
  - Sètifika natiralizasyon

- **Enfòmasyon sou Byen -** Moun ki gen laj 65 an oswa plis yo oblije bay dokiman pou verifye byen yo, ki gen ladan l sa ki annapre yo, men se pa sa sèlman:
  - Deklarasyon labank, (kont chèk ak epay)
  - Asirans pou lavi
  - Valè pwopriyete w posede
  - Valè machin yo

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Direktiv Federal sou Povrete ak Rabè Pwogram Swen Charite BMCHS

Direktiv Federal sou Povrete (FPG) - Se gouvènman Etazini ki detèmine yo epi yo pibliye yo chak ane nan Federal Register la. FPG yo baze sou kantite moun nan fanmi an ak revni fanmi an, epi yo sèvi pou detèmine si yon pasyan kalifye pou asistans finansye anba pwogram Medicaid eta yo ak Règleman Asistans Finansye Lopital BMCHS yo. Estanda sa yo se pou FY26 epi ou ka jwenn yo nan [httpa://www.mass.go-masshealth Yearly FPL]

Estanda Revni MassHealth 2026 ak Direktiv Federal sou Povrete, ki antre an vigè 1ye mas 2026

Kantite Moun Ki nan Fanmi an	Estanda Revni MassHealth		100% Nivo Povrete Federal		133% Nivo Povrete Federal		150% Nivo Povrete Federal		190% Nivo Povrete Federal	
	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane
1	$522	$6,264	$1,330	$15,960	$1,769	$21,228	$1,995	$23,940	$2,527	$30,324
2	$650	$7,800	$1,804	$21,648	$2,399	$28,788	$2,705	$32,460	$3,427	$41,124
3	$775	$9,300	$2,277	$27,324	$3,028	$36,336	$3,415	$40,980		
4	$891	$10,692	$2,750	$33,000	$3,658	$43,896	$4,125	$49,500		
5	$1,016	$12,192	$3,224	$38,688	$4,288	$51,456	$4,835	$58,020		
6	$1,141	$13,692	$3,697	$44,364	$4,917	$59,004	$5,545	$66,540		
7	$1,266	$15,192	$4,170	$50,040	$5,547	$66,564	$6,255	$75,060		
8	$1,383	$16,596	$4,644	$55,728	$6,176	$74,112	$6,965	$83,580		
Pou chak moun anplis, ajoute	$133	$1,596	$474	$5,688	$630	$7,560	$710	$8,520		

Chif sa yo awondi epi yo ka pa koresponn egzakteman ak chif yo itilize pou detèmine kalifikasyon pou pwogram nan. Estanda Revni Enstitisyonèl la se $72.80.

Kantite Moun Ki nan Fanmi an	200% Nivo Povrete Federal		225% Nivo Povrete Federal		250% Nivo Povrete Federal		300% Nivo Povrete Federal		400% Nivo Povrete Federal	
	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane	Chak mwa	Chak ane
1	$2,660	$31,920	$2,993	$35,916	$3,325	$39,900	$3,990	$47,880	$5,320	$63,840
2	$3,607	$43,284	$4,058	$48,696	$4,509	$54,108	$5,410	$64,920	$7,214	$86,568
3	$4,554	$54,648			$5,692	$68,304	$6,830	$81,960	$9,107	$109,284
4	$5,500	$66,000			$6,875	$82,500	$8,250	$99,000	$11,000	$132,000
5	$6,447	$77,364			$8,059	$96,708	$9,670	$116,040	$12,894	$154,728
6	$7,394	$88,728			$9,242	$110,904	$11,090	$133,080	$14,787	$177,444
7	$8,340	$100,080			$10,425	$125,100	$12,510	$150,120	$16,680	$200,160
8	$9,287	$111,444			$11,609	$139,308	$13,930	$167,160	$18,574	$222,888
Pou chak moun anplis, ajoute	$947	$11,364			$1,184	$14,208	$1,420	$17,040	$1,894	$22,728

Chif sa yo awondi epi yo ka pa koresponn egzakteman ak chif yo itilize pou detèmine kalifikasyon pou pwogram nan. Estanda Revni Enstitisyonèl la se $72.80.

DG-FPL_2026-03

Charity Care Program - Yon pwogram asistans finansye Lopital BMCHS yo ofri ki ofri yon pousantaj rabè sou balans kont pasyan an ki baze sou kapasite pasyan an pou peye epi fason pou detèmine kalifikasyon w nan pwogram nan jan Règleman Asistans Finansye lopital la presize sa.

Charity Care Program - Direktiv sou Kalifikasyon ak Rabè			
Kalite Pasyan	**Swen Gratis 0 - 150% FPLG**	**Swen ak Rabè 151% - 300% FPLG**	**Rabè pou Pasyan k ap Peye Pou Tèt yo > 300% FPG**
San asirans	100% Rabè sou total frè yo	90% Rabè sou total frè yo	45% Rabè
Pa gen ase asirans	100% Rabè sou balans lan apre asirans lan	90% Rabè sou balans lan apre asirans lan	Pa Kalifye Pasyan an responsab pou balans lan apre asirans lan
• **Limit Byen yo pa dwe depase $3,000 pou aplikan an epi $3,000 pou chak moun nan kay la** • **Detèminasyon byen yo gen ladan yo relve labank (kont chèk ak/oswa kont epay).**			

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Aplikasyon pou Pwogram Swen Charite
Boston Medical Center Health System

Non Pasyan an _____ Nimewo Sekirite Sosyal _____ Dat Nesans _____

Non Paran/Responsab Legal la (si pasyan an se yon timoun) _____ Nimewo Sekirite Sosyal _____ Dat Nesans _____

Adrès lakay	**Adrès Postal** ____Tcheke si se menm ak adrès kay la
Ri _____ # Apatman oswa inite	Ri _____ # Apatman oswa inite
Vil _____ Eta _____ Kòd Postal	Vil _____ Eta _____ Kòd Postal

Eta Sivil: ☐ Selibatè ☐ Marye ☐ Divòse ☐ Vèf/Vèv **Èske w ap travay?** ☐ Non ☐ Wi **Si se wi, konbyen tan?** _____

Non Anplwayè a: _____ **Èske anplwayè a ofri asirans sante?** ☐ Non ☐ Wi

Ranpli tablo pou MANM KAY LA AK REVNI KAY LA ki anba a. Bay non ak enfòmasyon sou revni tout moun k ap viv lakay ou. Tanpri sèvi ak kòd revni yo bay yo pou idantifye kalite revni pou chak moun.

MANM KAY LA AK REVNI KAY LA

Kalite Revni ak Kòd Revni

Revni touche	EI	Revni Sekirite Konplemantè	SSI	Administrasyon Veteran	VA	Pansyon Alimantè pou Timoun	CS
Revni nan Travay Endepandan	SE	Revni Enfimite Sekirite Sosyal	SSDI	Konpansasyon Travayè	WC	Pansyon Alimantè pou Mari/Madanm	SS
Retrèt Sekirite Sosyal	SSR	Konpansasyon Chomaj	UC	Pansyon oswa Anwite	PA	Revni sou Lokasyon	RI

BYEN - Enfòmasyon Sou Kont Labank

Non	Relasyon w ak aplikan an	Dat Nesans:	Laj	Kalite Revni pa Kòd	Kantite Revni (Ane/Mw/Sem)
	Pwòp tèt ou				$
					$
					$
					$
					$
					$

Si w bezwen plis espas pou w mete tout moun nan kay la, tanpri itilize do fòmilè a.

Kont chèk: ☐ Non ☐ Wi Non Bank la: _____ Balans: _____

Kont Epay: ☐ Non ☐ Wi Non Bank la: _____ Balans: _____

Lajan Mache ☐ Non ☐ Wi Non Bank la: Balans:

BYEN – Enfòmasyon sou Lojman ak Pwopriyete

Èske w gen lòt pwopriyete ☐ Non ☐ Wi Ipotèk: $_____ /pa mwa Lwaye/Kontra Lwaye? ☐ Non ☐ Wi $_____ /chak mwa

Èske w gen machin? ☐ Non ☐ Wi Valè Estime: $_____ Èske w gen machin? ☐ Non ☐ Wi Konbyen machin? _____

Lè mwen siyen anba a, mwen dakò ak deklarasyon sa yo:

- Mwen deklare, anba sanksyon pou fo temwayaj, repons mwen bay yo se verite e yo kòrèk selon sa mwen konnen.
- Mwen pral bay tout dokiman verifikasyon ki nesesè pou detèmine kalifikasyon mwen pou Charity Program BMCHS la.
- Mwen konprann ke si mwen pa kalifye pou Charity Program, mwen pral pèsonèlman responsab pou frè ki asosye ak sèvis BMCHS ofri yo, oswa mwen ka vini ak lòt dokiman pou fè apèl kont desizyon refi a alekri.

Siyati Pasyan (oswa) Paran/Responsab Legal: _____ Dat: _____

Siyati Konjwen Pasyan an: _____ Dat: _____

V.2_5/2026

Boston Medical Center
HEALTH SYSTEM

Lis Founisè Afilye Boston Medical Center Health System

Lopital	**Depatman/Gwoup/Kabinè medikal**	**Nòt**	**Swiv Règleman Asistans Finansye Boston Medical Center (FAP)**	**Kalifye pou Health Safety Net**
Boston Medical Center	Boston University Medical Group (BUMG)	Gen ladan Depatman/Liy Sèvis sa yo: • Depatman Ijans • Anestezi • Swen Prensipal • Doktè swen entansif • Patolojis • Radyoloji • Pifò Sèvis Chiriji • Espesyalite Medikal • Obstetrik ak Jinekoloji • NICU • Pedyatri • Sikatri	Wi	Wi
	Codman Square Health Center		Wi	Wi
	East Boston Neighborhood Health Center		Wi	Wi
	South Boston Community Health Center		Wi	Wi
	Dathouse Health		Wi	Wi
Boston Medical Center - Brighton	Doktè Afilye Boston Medical Center (BMCAP)	Gen Depatman/Liy Sèvis sa yo: • Depatman Ijans • Anestezi • Swen Prensipal • Radyoloji • NICU • Obstetrik ak Jinekoloji • Pifò Sèvis Chiriji • Espesyalite Medikal • Patolojis • Sikatri	Wı	Wi
Boston Medical Center - South	Doktè Afilye Boston Medical Center (BMCAP)	• Depatman Ijans • Anestezi • Radyoloji • Swen Prensipal • Obstetrik ak Jinekoloji • Pifò Sèvis Chiriji • Espesyalite Medikal • Patolojis • Sikatri	Wi	Wi